



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nominasyon sa yo nan administrasyon li an, ajoute sou yon ekip ki angaje pou enpleman pwogram enteresan li a.

“Administrasyon sa te fòje yon kalandriye pwogresif enteresan, ki ap leve klas mwayèn lan epi bay pi gwo opòtinite pou tout Nouyòkè,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo ajou sa yo pral ranfòse ekip nou an epi pote nouvo lide ak talan pou ranfòse ekip nou an, epi mwen espere travay ansanm ak yo pou kontinye fè New York vanse devan.”

Maria Comella te nonmen kòm Chèf Kabinè. Madam Comella se yon konseye kominikasyon estratejik ki gen 15 ane eksperyans nan dirije kanpay komèsyalizasyon entegre ki sofistike nan pwoblèm yo ak piblisite imaj yo bay lidè politik, gouvènman ak biznis yo ke yo rekonèt onivo mondyal. Li gen eksperyans entansif nan travay ak ofisyèl gouvènman nivo siperyè yo. Kòmanse nan ane 2010, Madam Comella te travay pou Gouvènè New Jersey a Chris Christie kòm chèf kabinè adjwen pou kominikasyon ak planifikasyon estratejik yo, epi li te travay kòm ofisyèl mesaje an chèf pou Christie pou kanpay prezidansyèl ofisyèl li an. Madam Comella te travay tou nan wòl siperyè yo nan kanpay reyeleksyon prezidansyèl 2004 George W. Bush lan, ak kanpay 2008 yo pou Majistra New York lan Rudy Giuliani ak Senatè John McCain. Li te konseye tou pi gwo kliyan kowoperatif ak san bi likratif yo ki enkli Human Rights First, Ford Motor Company, epi li te travay nan kanpay pwoblèm dlo pwòp yo. Madam Comella se yon moun ki gradye nan George Washington University.

Roger Parrino te nonmen kòm Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services). Mesye Parrino gen plis pase 30 ane eksperyans nan ranfòsman lwa yo ak sekirite piblik, nan travay nan Depatman Lapolis New York lan pandan plis pase 20 ane, kote yo te pwomouvwa li kòm Ofisyèl Kòmandan, Ekip Detektif epi li te pèfòme kòm yon Negosyatè Otaj. Mesye Parrino pi resamman te travay kòm Konseye Siperyè pou Sekretè Sekirite Teritwa a, nan bay ekspètiz sou sekirite nasyonal, kont teworis, ranfòsman lwa yo ak jesyon kriz yo. Mesye Parrino te travay tou kòm yon Konseye Politik Siperyè Kont Teworis pou Sou-Sekretè Entèlijans ak Analiz lan. Mesye Parrino gen yon Lisans Asosye (B.A.) nan SUNY Albany.

Robert Williams te nonmen kòm Sekretè Adjwen pou Jwèt Aza yo. Mesye Williams pi resamman te travay kòm Direktè Egzekitif pou Komisyon Jwèt Aza Eta New York lan (New York State Gaming Commission). Anvan sa, Mesye Williams te travay kòm Konseye Asistan pou Komite Jwèt Pari ak Kous Eta New York lan (New York State Racing and Wagering Board) ak Direktè Pa Enterim nan New York Lottery. Li aktyèlman ap travay kòm Prezidan Komite Sipèvizyon Franchiz Eta New York lan (New York State Franchise Oversight Board). Mesye Williams anvan sa te travay kòm Konseye Asistan Espesyal nan Chanm Egzekitif lan. Anvan sa, Mesye Williams te travay kòm Konseye pou Fòs Entèkansyon pou Jwèt Aza Kazino nan Eta New York (New York State Task Force on Casino Gambling) ak antan ke Direktè Egzekitif Komite sou Kous Fiti yo nan Eta New York lan (New York State Committee on the Future of Racing). Mesye Williams te etidye nan Arizona State University epi se yon moun ki gradye nan University of Dayton ak University of Pittsburgh.

Robert H. Samson te nonmen kòm Ofisye Enfòmasyon An Chèf nan Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon nan Eta New York (New York State Office of Information Technology Services). Mesye Samson anvan sa te travay pou IBM pandan 36 ane, ki enkli travay kòm Vis Prezidan Gwoup Sistèm ak Teknoloji Nan Lemond Antye (Worldwide Systems and Technology Group) ak Direktè Jeneral Sektè Piblik Global IBM lan. Mesye Samson te resevwa yon prim reyalizasyon nan lavi li nan men magazin Government VAR an, epi yo te nonmen li kòm yonn nan 100 moun ki gen plis enfluyans nan endistri teknoloji a. Li se yon manm Komite Konseye nan SUNY Center for Technology in Government an ak Komisyon SAGE Eta New York lan. Mesye Samson se yon moun ki gradye nan SUNY Plattsburgh.

Kelli Owens te nonmen kòm Direktris Afè Fanm yo (Women's Affairs). Pi resamman, Kelli Owens te okipe pozisyon Kowòdonatris Afè Lejislatif yo nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services). Anvan ke li te rejwenn administrasyon an, Madam Owens te Vis Prezidan Afè Ekstèn yo pou Defans Planifikasyon Familyal/Dèfans Patènite Ki Planifye nan New York (External Affairs for Family Planning Advocates/Planned Parenthood Advocates of New York). Nan kòmansman karyè li, li te Asistant Kabinè Kongresyonèl pou Manm Kongrè Ameriken an Sherwood Boehlert. Madam Owens te travay tou kòm Kowòdonatris Sèvis Imèn yo pou Chèf Egzekitif Biwo Konte Oneida epi Direktè Operasyon yo pou Sena Eta New York lan Raymond Meier. Li te travay tou kòm Administratris Rejyonal pou Depatman Travay Eta New York lan (New York State Department of Labor), New York Santral ak Mohawk Valley. Madam Owens te resevwa Lisans Asosye (B.A.) li nan Syans Politik nan Utica College of Syracuse University, epi li te fè travay moun ki gradye nan Maxwell School, Syracuse University.

Noah Rayman te nonmen kòm Redaktè Diskou pou Chanm Egzekitif lan. Pi resamman, Mesye Rayman te yon redaktè diskou pou Direktè Egzekitif Jeneral Millennium Challenge Corporation, ki se yon ajans asistans etranje Gouvènman Etazini an. Anvan sa, li te yon ekri nan TIME Magazine ki konsantre sou afè entènasyonal yo. Mesye Rayman te ekri pou Bloomberg News, The Daily Beast, ak jounal lokal yo ki nan Mwayen Oryan. Li te resevwa yon Lisans Atistik (A.B.) nan Harvard University, kote li te Editè Direktè Asosye pou revni lekòl la, ki se The Harvard Crimson.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418